# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–31 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के अध्यक्षता में आजु भइल कैबिनेट क बइठकी में कई गो महत्वपूर्ण फैसिला लिहल गइल। मंत्रिमण्डल के फैसिलन क जनकारी देत सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव बतवलें कि कैबिनेट वित्तीय बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस से वित्तीय बरिस दुइ हजार अट्ठाइस–ओनतीस ले चारि बरिस के अवधि खातिर दुइ हजार करोड़ रूपिया क परिव्यय के साथे राष्ट्रीय सहकारी विकास निगम के सहायता अनुदान के मंजूरी दे दिहले हौ।

***और आज जो बड़ा फैसला लिया गया है इस फैसले का महत्व आप समझिए। एनसीडीसी कोआपरेटिव सोसाइटिज को लोन देती है। आज उसका कैपिटल दो हजार करोड़ रुपये बढ़ाया गया, कैबिनेट के माध्यम से। जो सबसे इम्पार्टेंट प्वाइंट है वह है ये जो लोन्स जाते हैं, ये करीब सवा पांच लाख कोआपरेटिव्स को जाते हैं, टोटल नाइन करोर मेम्बर्स हैं जिसके और नाइंटी फोर पर्सेंट फार्मर्स हैं उसके साथ जुड़े।***

कैबिनेट प्रधानमंत्री कृषि संपदा योजना के परिव्यय में छौ हजार पांच सौ बीस करोड़ रूपिया क बढ़ोत्तरी कइ के एके मजबूत कइले के निर्णयो के मंजूरी दिहले हवे।

**********

गोस्वामी तुलसीदास के जयंती के मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु चित्रकूट में आयोजित एगो खास समारोह में सामिल भइलें। येह मौका पर तुलसीदास के कालखण्ड के परिस्थितियन क जिकिरि करत मुख्यमंत्री कहलें कि जब देस क राजा–रजवाड़ा बिदेसी आक्रांता क अधीनता स्वीकार करत रहले, ओह समय तुलसीदास जइसन संत सनातन जनचेतना के जगावत रहलें। तुलसीदास की ओरि से रचित रामचरित मानस सही मायने में भारत के चेतना क आधार हवे। मुख्यमंत्री चित्रकूट के संतन–मनीसियन क साधना अउर सिद्धि क धरती बतवलें।

***ये चित्रकूट का सौभाग्य है। अनेक ऋषि मुनियों ने दिव्य संतों ने इस धरती को अपनी साधना का अपने सिद्धी का आधार बनाया था और मर्यादा पुरूषोत्तम भगवान श्रीराम को भी वनवास कालखंड का सर्वाधिक समय इसी चित्रकूट की धरती पर उन्होंने व्यतित किया था।***

तुलसीदास क जयंती के खास समारोह में मुख्यमंत्री सनातन संस्कृति के उन्नयन में जगत गुरू रामभद्राचार्य अउर कथावाचक मुरारी बापू के जोगदान क सराहना कइलें। येह मौका पर प्रदेस सरकार क मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह अउर मनोहर लाल मन्नू कोरियो मौजूद रहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बरिस दुइ हजार आठ में भइल मालेगांव बिस्फोट मामिला में पूर्व सांसद प्रज्ञा ठाकुर अउर लेफ्टिनेंट कर्नल प्रसाद पुरोहित के सथहीं सज्जो आरोपियन के बरी भइले पर खुसी जतवले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि प्रकरण में सज्जो आरोपियन क निरदोस सिद्ध भइल सत्यमेव जयते क सजीव उद्घोसणा हौ। राष्ट्रीय जांच एजेंसी–एनआईए क एगो बिसेस अदालति आजु येह मामिला के सज्जो आरोपियन के दोसमुक्त घोसित कइ दिहलस।

**********

प्रदेस क बेसिक सिक्षा मंत्री संदीप सिंह कहले हवें कि प्राथमिक विद्यालयन क पेयरिंग क मतलब कउनहूं विद्यालयन के बन्द कइल नाही हौ। एहमें कउनों पद कम चाहे खतम नाहीं कइल जा रहल हौ। लखनऊ में आयोजित प्रेस वार्ता में बेसिक सिक्षा मंत्री बतवलें कि पेयरिंग के प्रक्रिया के ले के कुछु जिलन में आइल सिकाइतिनि के गम्भीरता से लिहल गइल बा अउर जहवां जरूरी रहल ओइजा विद्यालयन के पहिले के तरियन चलवले क आदेस दीहल गइल हौ। उहां के फरियवलीं कि पेयर होखे वाले कउनहूं प्राथमिक विद्यालयन क दूरी एक किलोमीटर से बेसी नाही होई। बेसिक सिक्षा मंत्री कहलें कि विद्यालयन क सुरक्षा के देखत सज्जो विद्यालयन के भवन क सेफ्टी ऑडिट करावल जा रहल हौ। जरजर भवनन के चीन्हि के ओके ध्वस्त कइले क कार्रवाइयो सुरू हो गइल बाटे।

**********

उत्तर प्रदेश पुलिस में भरती होखे बदे आजु से वन टाइम रजिस्ट्रेसन ओटीआर प्रणाली के लागू कइ दिहल गइल हौ। ई जनकारी उत्तर प्रदेश पुलिस भरती अउर प्रोन्नति बोर्ड के ओरि से दीहल गइल बा। बोर्ड के मोताबिक ओटीआर प्रक्रिया पूरा करे बदे आधिकारिक वेबसाइट यूपी पीबी पीबी डॉट जीओवी डॉट इन पर लॉगिन करे के होई। जो त कउनहूं अभ्यर्थी के ओटीआर पंजीकरण में कउनों परसानी होखे त हेल्पलाइन नम्बर–एक आठ सुन्न सुन्न नौ एक एक सुन्न सुन्न सुन्न पांच पर भिन्नहीं दस बजे से संझा सात बजे ले सम्पर्क कइल जा सके ला।

**********

कुशीनगर जिला के तुर्कपट्टी के सूर्य मंदिर में आयोजित सूर्य प्राकट्य उत्सव में जिला क प्रभारी मंत्री दिनेश प्रताप सिंहो सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के एक सौ एक्यावन पवित्र नदियन के जल से भगवान सूर्य क जलाभिषेक कइलीं। एहसे पहिले उहां के जिला में जल–जीवन मिशन से जुड़ल कारो के देखलीं अउर अधिकारियन के जरूरी निरदेस दिहलीं।

**********